ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ТХЫБЗЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЗРЭ КЫДІОКІ

№28 (22.186) ● 2012 гъэм мазаем (фэвралым) и 16, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ кыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

ПУТИН Владимир:

Сабийхэр егъэджэным пщІэ щІатынукъым

УФ-м и Премьер-министр Путин Владимир иригъэкІуэкІащ курыт щІэныгъэ зэрырагъэгъуэт щыналъэ системэхэр кьэгъэщІэрэщІэжьным теухуа зэІущІэ. Ар видеоконференцыкІэ зэрыщІэтащ ныбжьыкІэ ешы Премьерыр а зэманым Курган кьалэм щыІэу кьэпсэльащ. ЗэІущІэм хэтащ федеральнэ министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ я унафэщІхэр, жьылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лІыкІуэхэр, УФ-м и щІыналъэхэм я Іэтащхьэхэр. Ди республикэм кьыбгъэдэкІыу абы ирихьэлІащ КЪБР-м и Іэтащхьэ Кьаноокъуэ Арсенрэ республикэм егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министр Щхьэгъэпсо Сэфарбийрэ.

ПУТИН Владимир кІэщІу тепсэльыхьыжащ курыт щІэныгъэ зэрырагъэгъуэт щыналъэ системэхэр кьэгъэщІэрэщІэжьныымкІэ проектыр ягъэзащІэу зэрырыщІадзэрэ эфІагъэкІахэм. Кьапщтэмэ, абы кьыхигъэщхьэхуІаращ нужьрей ильэситкъм кьэрыбдзэу мы Іэнатіэм и бюджет зэгуэтыр хущІэнымкІэ нэхъыбІэкІэ зэрыхьуар. «Сабийхэр зэрырагъаджэм зэхьэжьКІныгъэхэр щыхаІахьхькІэ, демографием зэрызихьэужри кьалытэн хуейщ», - жиІащ къэпсальэм.

«Дэ яджьпсту нэхъыбІэу дызыхуэныкъуэр льэпкьхэр зэкьуэзыгъэувэ фІыгъуэу щІыхь псори зэхуэдэу зыхущІэжьхуэрэщ - икІи ахэр школхэм зэрырщрагъаджэ программэхэм кьыхэгъэщІапхьэщ. Апхуэдэ Іуэхуфіхэм сабийр дунеием кьыщытехьам щыщІэдзауэ щІапІыкІыН хуейщ, - жиІащ адэкІэ Урысейм и Правительствэм и Унафэщім. Абы зэІущІэр здекІуэкІым зыхуэфащэ министрэхэм я пщэ ирилъхьащ зэрырагъаджэ тхьилъхэмрэ методикэмрэ щыгъуэзэ защІыну: «Дэ тхьідэр зэрыхуейуэ мызэрыгъэлаІэ кьэдгъэхуныкІэ Іэмал иІэкьым. ИкІи зы предметыр, псальэм папщІэ, математикэр 6-нэ классым зэрырщрагъаджэ тхьилъу пщІым щІигъу щыщыІэм и деж, ар зэгупсысын хуейІэуэщ.

Путин Владимир апхуэдизу кьыхитІэщащ сабийхэр пщІэкІэ егъэджэным кьэрыльэр хуэмІуэну кьыщызэрагъэпэщ курсхэм папщІи ахьщэ ятын хуэмеІуэ кьыщыгъэльэрэуа законопроект мы зэманым ягъэхьэщІр.

ЗэІущІэ нэужькІи Кьаноокъуэ Арсен зэрыжиІамкІэ, 2011 гъэм еджапІэхэм я лэжьакІэр гъэтэмэныным хуэунэтІауэ республикэм куэд щызэфІагъэкІащ. Курыт щІэныгъэ гъэгъуэт Іуэхуіапіэхэм, егъэджэныгъэм и Іэнатіэм егъэщІылІа унафэщІ органхэм жьылагъуэ советэхэр кьыщызэрагъэпэщащ. Абыхэм унафэщІ полномочие пыухыкІагъэ яІэщ.

2011 гъэм Кьэбэрдей-Балькъэр Республикэм и егъэджакІуэхэм я улахуэр процент 13-кІэ хэхьуащ икІи ику ity сом 13685-м нэсащ. Республикэм и школхэмрэ сабий садхэмрэ щылажьхэм я лэжьапІэр егъэлеяуэ зэщхьэщыкІыу щымытхэм папщІэ зи школ кІуэнуІэ ящыІэ сабийхэр зэкІуалІэ Іуэхуіапіэхэм я гъэсакІуэхэм я улахуэри 2011 гъэм фокІадзэм и 1-м щыщІэдзауэ сом 7073-м и пІэкІэ сом 9700-м нагъэсащ.

КЪБР-м и Іэтащхьэм кьыхигъэщхьэхуКІащ 2012 гъэм республикэм кьыІэрыхьэну субсидиехэр курыт еджапІэхэм я инфраструктурэм зегъэужьыным, школхэр иужьрей лабораторэхэмкІэ, ІэмэпсымэхэмкІэ кьызэгъэпэщыным трагъэжІуэнущ. «Дэ егъэджэныгъэр зэрырагъэфІакІуэм хэхьауэ дыкІэльопІэ икІи а Іуэхум хэлъэкьыхь псоми яхуэфащэн гульытэ яхуэтщІынщ», - жиІащ Кьаноокъуэ Арсен.

КУЭЦЭ Ратмир.

● Егъэджэныгъэ

Зыуэ щыт къэрал экзаменым (ЕГЭ) теухуауэ

КЪБР-м Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэм хэлъфэ кьызэрыдигъэщІамкІэ, Зыуэ щыт къэрал экзаменыр (ЕГЭ) 2012 гъэм зыпыкъэгъэ къыхэтхыкІ.

УФ-м Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэм «Зыуэ щыт къэрал экзаменыр зэрегъэкІуэкІыпхъэ хабзэхэм теухуауэ» 2009 гъэм мазаем и 24-м (зэхъуэкІыныгъэхэр халъхьащ 2010 гъэм ГъатхэпІэм и 9-м, 2011 гъэм Гъатхэпэм и 17-м) кьыдигъэкІа унафэм ипкъ иткІэ, ЕГЭ-м зэтынуц:

- курыт школым зэрыщрагъаджэ программэ нэхъыщІэхьэр зыджа икІи, хабзэм тету, къэрал къэпщытэныгъэм хэтыну хуит яІа еджакІуэхэр (адэкІэ - мы гъэм къызэуихэр);
- курыт щІэныгъэрэ Іэщіагъэрэ щызрагъэгъуэт еджапІэхэм щІэсхэу абыкІэ федеральнэ къэрал зэрырагъаджэ стандартым Іэщіагъэ зэгъэгъуэтыным теухуауэ хэт Іыхьэр зыджа ныбжьыщІэхэр;
- ильэс блэкІахэм еджапІэхэр къэзыухахэу курыт щІэныгъэ, Іэщіагъэ зэрызрагъэгъуэтамкІэ дэфтэр эиІэхэр, ЕГЭ-р зэратам щыхьэт техьэу сертификатхэу си пІальэр иеІэхэр эиІэхэри яхэту (адэкІэ - ильэс блэкІахэм къэзыухахэр);
- хамэ къэралхэм курыт щІэныгъэ зэрыщыщрагъэгъуэтамкІэ дэфтэрхэр эиІэ щыухэр.

ЕГЭ-м хэтыныхэм ГъатхэпІэм и 1-м нэмысу лъэІу тхылъ ятын хуейщ, Зыуэ щыт къэрал экзаменм мы гъэм ятыну зэрыхуейр зэреджэ предметхэр кьыщыгъэлъэгъуауэ:

- мы илъэсым курыт школыр къэзыухэм апхуэдэ лъэІу тхылъыр езыхэр щеджэ школым щагъ;
- ЕГЭ-м хэтыну хуей адрей псоми лъэІу тхылъыр щат езыхэр щыпсэу щІыпІэм егъэджэныгъэмкІэ и Іэнатіэм.

ЕГЭ-р ятынущ мыпхуэдэ предметхэмкІэ: математикэ, урысыбзэ, литературэ, физикэ, химиё, биологиё, географиё, тхыдэ, обществознание, хамэ къэралыбзэхэр (ингджылызыбзэ, франджыбзэ, нэмыцібзэ, испаныбзэ), информатикэмрэ информацэ-коммуникацэ технологиехэмрэ (ИКТ).

Зыуэ щыт къэрал экзаменым (ЕГЭ) теухуа хъыбар псори **www.ege.edu.ru** сайтым кьыщыбгъэтынущ.

ТАМБИЙ Линэ.

● Къулыкъухэр

Жылэ Валерий КЪБР-м и Правительствэм и УнафэщІым и япэ къуэдзэщ

Жылэ Валерий Кьэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщІым и япэ къуэдзэу ягъэуващ. Абы теухуа Указым КЪБР-м и Іэтащхьэ Кьаноокъуэ Арсен мазаем и 14-м Іэ щІидзащ.

ЖЫлІэ Валерий Хьэжмурат и къуэр 1952 гъэм кьалъхуащ. «ІэнатІэхэр зехьэныр къызэгъэпэщыныкІэ инженер-экономист» ІэщіагъэмкІэ Орджоникидзе Серго и цІэр зэрихьэу управленэмкІэ Москва дэт институтыр 1981 гъэм кьнухащ.

1969 гъэм Аруан типографием лэжьэн щыщІидзащ. Дзэм кьулыкъу щищІа ныжь, Москва щылажьэу хуежьащ «Мосстрой-27» трестым и комсомол комитетым и секретарь. 1985 - 1988 гъэхэм УФМС-6-м и унафэщІ, «Ноябрьскнефтегазстрой» трестым и унафэщІым и кьуэдзэу щытащ. 1989 - 1995 гъэхэм «Форум» акционер зэгухьэныгъэм и «Форум-Север» предприятэм и унафэщІу лэжьащ. Иужьрей ильэсхэм «Новое кольцо Москвы» акционер зэгухьэныгъэ зэІухэм и генеральнэ директорым и кьулыкъу зэрихьащ.

Абрэдж Іэдиб КЪБР-м и лІыкІуэу УФ-м и Президентым и деж зэпымыууэ щыІэм и япэ къуэдзэщ

Мазаем и 14-м КЪБР-м и Іэтащхьэ Кьаноокъуэ Арсен Іэ щІидзащ Абрэдж Іэдиб Кьэбэрдей-Балькъэр Республикэм и лІыкІуэу Урысей Федерацэм и Президентым и деж зэпымыууэ щыІэм и япэ къуэдзэу - Кьэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщІым и къуэдзэм и къалэнхэр игъэзащІэу гъэувыным теухуа Указым.

АБРЭДЖ Іэдиб Хьэсэнбий и къуэр КЪБАССР-м щыщ Бахъсэн районым хыхьэ Кьызбрун ЕтІуанэ къуажэм 1961 гъэм кьыщалъхуащ. «Инженер-хуэмІуэ» ІэщіагъэмкІэ Кьэбэрдей-Балькъэр къэрал университетым кІыухащ, экономикэ щІэныгъэхэм я кандидатщ, «Къэббалькъэр гражданстрой» трестым и СУ-15-м и мастеру 1982 гъэм лэжьэн щІидзащ. Дзэм кьулыкъу щищІа нэужь, кьигъэзэжри а Іуэхуіапіэ дыдэм кьулыкъу зэмылІэужьыгъуэхэр щиІыгъащ. 1993 - 2004 гъэхэм «Къэббалькъэр гражданстрой» проект-хуэхакІуэ компание ОАО-м и генеральнэ директорщ. 2004 - 2006 гъэхэм КЪБР-м ухуэныгъэмрэ псэупІэ-коммуналнэ хозяйствэмкІэ и министру щытащ. 2006 - 2009 гъэхэм КЪБР-м и Президентым и чэнджэщэгъэуу лэжьащ. Абы щегъэжьауэ иджыри къэс КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщім и япэ къуэдзэу щытащ.

ДапшІэ Абрэдж Іэдиб и кІалэхэм хьыхьэу щытынущ экономикэ и лъэныкъуэкІэ федеральнэ центрым зыубгъуауэ дэлэжьэныр.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущапіэ.

Зэи тщыгъупщэнукъым

● Дыгъуасэ

КЪБР-м и Іэтащхьэ Кьаноокъуэ Арсен я кьалэнхэр щагъэзэщІэм зэкІуэда хабзэхьыдэхэм я адэ-анэхэм, я щхьэгъусэхэм, я кьуэшхэмрэ я шыпхьуэхэмрэ дыгъуасэ Правительствэм и Унэм щалІущІащ. Зэхьыхьэр кьыщызэІуихыным абы кьыхигъэщащ республикэм и унафэщІхэм нэщхьеягъуэ зыльэІэсахэр зэращымыгъупщэр, ар дэтхэнэ унагъуэмм зэрящІэхьыным, зэрыращагъэпсынщІэным зэрегупсысыр.

- МЫ ЛЬЭХЪЭНЭР Іуэху жагъуэхэмкІэ гъэнщІа зэману Кьэбэрдей-Балькъэрым и тхыдэм кьыхьэнщ. ЗэрыфщІэщи, граждан жылагъуэм кьыщыхьу демократиеу, экономикэ хэхьуэкІыныгъэхэм кьадэкІуэу, терроризмымрэ экстремизмымрэ ди республикэм пхузмыІуэзэщІыну кьыщызэщІэрыуаІ. Кьыгущхьащхьэ шынагъэрэ кьызэтрагъэувыІэн, жылагъуэр, я унагъуэр, кьэралым и конституцІэ лъабжьэр яхуэмохьэн папщІэ, фи щІалэхэр а ерухэм ягъэшІуэващ. Дызыхьхьэ щІыналъэм и дэнэ щыпІи хуэдэу, Урысейм и Іьэщагъэр кьэзыгъэтІэсхьэну хущІэкъу кьэралхэм я политикэр иужьрей ильэситщым Кьэбэрдей-Балькъэрми щыхапщэну хущІокъу. Я мурад бзаджэхэр зрагъэхьуІэн папщІэ кьагъэсебэпыр терроризмрэ залымыгъэмрэщ. Кьэдгъэпсынгъуэм хуейщ жылагъэри, властым и кьудамэхэри, дэри апхуэдэ шынагъуэм дыхуэхьэзыру зэрыщымытар. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, залымыгъэм и идеологиер дин Іуэхум хуагъэкІуащ, щІалэгъуалэ куэд дахьэхри, зыхашащ, я льабжьэр республикэм щагъэбыдащ. Нэхъапэ Іуэкіэ ахэр, щІыхуэхэм я кьыщхьэщыжакІуэхэм зэрыжаІэм хуэдэу, мыарэзы гуэрхэу кьэтІыльтэу щытамэ, кьыптпэуваэр ящыІ. Ди щІалэхэм зэрадахэщ, я хэщІапІэхэр щэхущ, Іупэфіэтъхуэр яІэщ, - кьигъэлъэхуащ Кьаноокъуэ Арсен. - А шынагъэр республикэм зэридгъэкІуэдыкІыным, бзаджэрэ залымыгъэрэ эдэущымІэ жылагъуэ узынщэм ди щІэблэр зэрыщыпсэнум щэч гуэри ки кьытесхьэркъым. ИкІи мамыр гъащІэмрэ зэпІэзэрытыныгъэмрэ папщІэ зи псэр зыта фи щІалэхэм, фипхуэхэм, фи щхьэгъусэхэм я щІыхуэшхуэ зэрыттелъыр зыщыдгъэгъупщэныкъым. Абыхэми, Урысейми и нэгъуэщІ щыпІэхэм щыщу террористхэм япэщІэту Кьэбэрдей-Балькъэрым и щыналъэм щыхэкІуэда щІалэхэми я щІэхэр дапщэри ди гум илынщ.

Кьэбэрдей-Балькъэрым и Іэтащхьэм кьыхигъэщащ а щІалэхэм я псэр щІата мамырыгъэмрэ зэпІэзэрытыныгъэмрэ республикэм щыхьэмэныр псоми я кьалэну зэрыщытыр. Кьаноокъуэ Арсен зэкІуэдахэм я Іыхьлыхьэм яжриІащ хабзэ убзыхуэм тету я унагъуэхэм зэрадэІэпыкъунур, абы папщІэ фонд хэха кьызэригъэпэщыну зэримурадыр. Апхуэдэу кьыдэкІуэтеихуэнІэ я бынхэм якІэльыпльынуц, еджапІэ нэхьыщхьэхэм щэтІысхьэныкІэ зыщІагъэкьэуэнущ. Республикэм и Іэтащхьэм зэхуэсхэм кьыхуриджащ я льэр щАмыгъэхуну, я сабийхэр кьаІэтын зэрыхуейр зыщамыгъэгъупщэну.

Жьэрдэмщ1аКІу гупым и мурадщ мазаем и 18-м терроризмрэ залымыгъэмрэ я бийуэ Налшык кьалэм пэкІу щагъэзэщІ. Нэхьапэ Іуэкіэ ахэр, щІыхуэхэм я кьыщхьэщыжакІуэхэм зэрыжаІэм хуэдэу, мыарэзы гуэрхэу кьэтІыльтэу щытамэ, кьыптпэуваэр ящыІ. Абы щыхьэ зэрыщыІ.

- 90 гъэхэм ди гъащІэм зэхуэхьэкІыныгъэ Іэдэжь кьыщыхьуащ, мыкъумыщІагъэ куэд кьэунэхуащ. Ди сабийхэр абыхэм ящытхъумэфакъым. Унагъуэмрэ еджапІэмрэ ныбжьыщІэм щигъэуэт гъэсэныгъэм куэд дыдэ елытащ. Дяпэкіэ абы дыхуэмысакъыу хьунукъым, - жиІащ Кьаноокъуэ Арсен.

Кьэрал кІуэцІ Іуэхуэхмкіэ министру Кьэбэрдей-Балькъэрым щыІэ **Васильев Сергей** зэхуэсахэм фІыщІэ яхуищІащ. Хэкум, кьызыхэкІэ льэпкьым яхуэфащэ щІалэхэр зэрагъэсам папщІэ икІи яфІэкІуэдахэм я щІалэхэм зэрагъэсам щхьэкІэ и гум кьыбгъэдэкІыу иджыри зэ яІэзыхуэщІыгъуэр яжриІащ.

- Уи бын, уи адэ, уи щхьэгъусэ пфІэкІуэдыныр удыныншхуэ, а гуаузр пщхьэщыхьыдэхэм щыІэу кьыщІэкІынкъым. Ди жагъуэ зэрыхьунщи, лІыкІыкІэр иджыри республикэм тхуиГъэкъэбзыкІакъым. Муслымэнхэм зауэ етщІилауэ я гъэІуну хэтщ, езыхэм дин кьабзэ зыщІыхэр гъуанэдэуэу яукІ. Пщыр я тефэщапІэу щыхуэхэр я гъэшІыну хущІокъу. Хабзэ тэмэм щызекІуэ кьэрал псоми апхуэдэхэм зэреджэр бандитизмщ, - кьиГъэлъэгъуащ министрым. - Дэ нобэ дызэхэуэсащ ди республикэм мамырыгъэ щыІэн папщІэ зи псэр зытахэр Кьэбэрдей-Балькъэрым и щыхуэм зэращымыгъупщэр, хэмэуэдахэм я Іыхьлыхьэм даэзрыщІыгъэр кьэдгъэлъэгъэну.

Кьэбэрдей-Балькъэрымкіэ федеральнэ инспектор нэхъыщхьэ **Вербицкий** Алексей Іэдэжь ещІэ: «Іэщтыр» кІэщІ» зэдджэхэм кьулыкъу щищІащ.

- ЗэпэщІэтыныгъэхэр зэдэщІы щыпІэхэм гуэдзэгъэуІэджэмэ сыщрихьэлІащ, ауэ мамыру псэу мы республикэм зи кьарурилъыгъуэ, зи насып дэ генераліщ, щІыпІэ «пштыркІэ» зэдджэхэм кьулыкъу щищІащ.

- ЗэпэщІэтыныгъэхэр зэдэщІы щыпІэхэм гуэдзэгъэуІэджэмэ сыщрихьэлІащ, ауэ мамыру псэу мы республикэм зи кьарурилъыгъуэ, зи насып дэ генераліщ, щІалэхэр зэрырщыкІуэдыр гуаузэщхуэщ. Фи унагъуэхэм кьалъэІэса нэщхьеягъуэр Іэтыгъуафэкъым. Арами, хэкупсэ нэсу вгъэса фи щІалэхэм я лІыгъэр зэи тщыгъупщэныкъым. Кьэбэрдей-Балькъэрым и унафэщІхэм зыкъыфІщІагъэкъуэ папщІэ куэд ящІэжь, дяпэкІи зыхьбзэкъэр я мурадщ. УФ-м и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу КИФЦІ-м щыІэ Хлопонин Александр кьэрыбдзэпІыкъун щхьэкІэ зыхуэфащэ тхьилъхэр естынущ, - жиІащ Вербицкий Алексей.

Кьэбэрдей-Балькъэрым и муслымэнхэм я дин ІуэхущапІэм и унафэщІ **Дзасэжь Хьэзратий** ныбжьыщІэхэм я щІалэ лейзехьэхэм зэхащІыхьхэр зы дини кьыщэримыщтэр, хабзэ гуэрми кьыщэреемыззэгъыр.

- Муслымэн зыфащІыкажауэ кьарурэехьэхэр, щІыкІу кьыщэрыгуэкІэр, дин лэжьакІуэхэр яукІ. Ялэжьхэмрэ жалэхэмрэ зыкІи зэпхьэлІэ хьунукъым. Армырамэ лей зепхьэнри, щІыкІу букІыри зэрыгуэныхьышхуэр зыщагъэгъупщэнтэкъым. ЩІэпхьаджагъэм и гъэгум теуваэм щІэныгъэр пэдгъэувыпхьэщ. Пэжымрэ пщІымрэ, емрэ фІымрэ зэхахгъэкІыфу щІыкІуэ едгъэсэн хуейщ. Абы теухуауэ нэгъабэ зэІущІэ 300-м щІигъу щыІэ щхьэкІуэкІащ, еджакІуэхэм, щалэгъуалэм дахуэзащ, ахэр Іэджэм хэдгъэгъуэзащ, - жиІащ Джабэжь Хьэзрэтаий.

Абы кьыхэзырыхьэщамкІэ, нэгъуэщІ Іэмалхэри, хэкІыпІэхэри зэуІуу кьэгъэсэбэпынхьэщ.

Хэдуэда хабзэхъуэмэхэм я Іыхьлыхьэм кьабгъэдэкІыу **Шыбзыхьуэ Сэфудин** зэІущІэм кьыщыпсэльащ. Абы республикэм и Іэтащхьэ щІэдзащ. Ар щІэныгъэ зэрыщІэзащ. Ар щІэныгъэ зэрыщІэзащ. Ар щІэныгъэ зэрыщІэ

Къбэрдей-Балькъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж Хьэрычэтыщ1э лэжьыгъэмк1э щы1э Советым и Iэухук1э

Къбэрдей-Балькъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

1. Къбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и деж Хьэрычэтыщ1э лэжьыгъэмк1э щы1э Советым и Къбэрдей-Балькъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж Хьэрычэтыщ1э лэжьыгъэмк1э щы1э Совету зэхъуэк1ын.

2. Мыпхуэдэ гуэдзнэхэр кьэщтэн:

Къбэрдей-Балькъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж Хьэрычэтыщ1э лэжьыгъэмк1э щы1э Советым техуэ Хабзэр;

Къбэрдей-Балькъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж Хьэрычэтыщ1э лэжьыгъэмк1э щы1э Советым хэтхэр.

3. Кьару ямы1эжу кьэпытэн:

Къбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым «Къбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и деж Хьэрычэтыщ1э лэжьыгъэмк1э щы1э Советым и Iэухук1э» 2006 гъэм гъатхэпэм и 23-м кьыдигъэк1а Указ №36-УП-м;

Къбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым деж Хьэрычэтыщ1э лэжьыгъэмк1э щы1э Советым хэтхэу Къбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым 2006 гъэм гъатхэпэм и 23-м кьыдигъэк1а Указ №36-УП-мк1э щIагъэбыдам эхъуэхЫныгъэхэр хэпхъэным техуэауэ Къбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым 2006 гъэм шышхьэ1ум и 22-м кьыдигъэк1а Указ №115-УП-м;

«Къбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и деж Хьэрычэтыщ1э лэжьыгъэмк1э щы1э Советым техуэ Хабзэмрэ Советым хэтхэмрэ егъэщIы1ауэ Къбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым 2006 гъэм гъатхэпэм и 23-м кьыдигъэк1а Указ №36-УП-м эхъуэхЫныгъэхэр хэпхъэным и Iэухук1э» Къбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым 2006 гъэм дыгъэгъазэм и 6-м кьыдигъэк1а №155-УП-м;

«Къбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и деж Хьэрычэтыщ1э лэжьыгъэмк1э щы1э Советым хэтхэу Къбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым 2006 гъэм гъатхэпэм и 23-м кьыдигъэк1а Указ № 36-УП-к1э щIагъэбыдам эхъуэхЫныгъэхэр хэпхъэным и Iэухук1э, Къбэрдей-Балькъэр Республикэм 2008 гъэм мазаем и 29-м кьыдигъэк1а №29-УП-м;

«Къбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и деж Хьэрычэтыщ1э лэжьыгъэмк1э щы1э Советым хэтхэу Къбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым 2006 гъэм гъатхэпэм и 23-м кьыдигъэк1а Указ №36-УП-м эхъуэхЫныгъэхэр хэпхъэным техуэауэ Къбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым 2009 гъэм мэкъуаугъэм и 8-м кьыдигъэк1а №81-УП-м;

«Къбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и деж Хьэрычэтыщ1э лэжьыгъэмк1э щы1э Советым хэтхэу Къбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым 2006 гъэм гъатхэпэм и 23-м кьыдигъэк1а Указ №36-УП-к1э щIагъэбыдам эхъуэхЫныгъэхэр хэпхъэным техуэауэ» Къбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым 2009 гъэм фокIадэм и 22-м кьыдигъэк1а Указ №164-УП-м;

«Къбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и деж Хьэрычэтыщ1э лэжьыгъэмк1э щы1э Советым хэтхэу Къбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым 2006 гъэм гъатхэпэм и 23-м кьыдигъэк1а Указ №36-УП-к1э щIагъэбыдам эхъуэхЫныгъэхэр хэпхъэным техуэауэ» Къбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым 2011 гъэм гъатхэпэм и 5-м кьыдигъэк1а Указ №121-УП-м».

4. Мы Указым кьару егъэут Iэ щытеэдза махуэм щыщIэдзауэ.

Къбэрдей-Балькъэр Республикэм и Iэтащхьэ КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2012 гъэм щIышылэм и 30-м
№12-УГ

Къбэрдей-Балькъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2012 гъэм щIышылэм и 30-м кьыдигъэк1а Указ №12-УГ-мк1э кьыщтащ

Къбэрдей-Балькъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж Хьэрычэтыщ1э лэжьыгъэмк1э щы1э Советым хэтхэр

Къанокъуэ А. Б. - Къбэрдей-Балькъэр Республикэм и Iэтащхьэр *(Советым и унафэщIу)*

Гергер И. К. - Къбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщIу *(Советым и унафэщIым и къудэзыщ)*

Абрэдж I. Хь. - Къбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и яп къудэзыр *(Советым и унафэщIым и къудэзыщ)*

Ажахъуэ Къ. М. - Къбэрдей-Балькъэр Республикэм мардэ зиIэ эхъуапIныгъэ щызыхь обществ «Бум-Банк» коммерц банкым и правлензм и унафэщIым и унафэщIыр (*Налшык» бизнес-клуб) (зрыызэгурыIуам тету)*

Алихановэ Э. А. - «Мардэ зиIэ эхъуапIныгъэ зыхь «ЩIыналъэ эхъуакъ клиринг банк» коммерц банкым и «Налшык» къудамэм и унафэщIыр *(зрыызэгурыIуам тету)*

Iэщым С. В. - Полимер кьабзэхэм я «Этана» завод обществэу мардэ зиIэ эхъуапIныгъэ зыхьым и унафэщIыр *(зрыызэгурыIуам тету)*

Ащхьэт А. М. - «Къбэрдей-Балькъэр бизнес-инкубатор» къэрал Iэухуищ1апIэм и унафэщIыр

Балэ А. М. - мардэ зиIэ эхъуапIныгъэ зыхь «Кэнж» обществэм и унафэщIыр, Къбэрдей-Балькъэр Республикэм и Агропромышленнэ эзгъэхьныгъэм и Iэтащхьэр *(зрыызэгурыIуам тету)*

Бердюжэ В. И. - «Ленинцы» мэкъумэш производственнэ кооперативым и правлензм и унафэщIыр, Къбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и депутатыр *(зрыызэгурыIуам тету)*

Быф Р. Ж. - Федеральнэ налог Iэнатlэм Къбэрдей-Балькъэр Республикэм щIэ къудамэм и унафэщIыр *(зрыызэгурыIуам тету)*

Бышин А. А. - Къбэрдей-Балькъэр Республикэм финансхэмк1э и министрыр

Говоров С. А. - Петровэ я цIэр зезыхьэ колхозым и унафэщIыр, Къбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и депутатыр *(зрыызэгурыIуам тету)*

Демельханов А. С. - Къэрал щIыб экономикэ банкым и къудамэм, Пятигорск къалэм щIым и унафэщIыр *(зрыызэгурыIуам тету)*

Жад А. Т. - «Банк ВТБ» акционер обществэ зIуэхум Ставрополь краеуэм щIэ къудамэм Налшык къалэм Iуэхур щрагъэк1уэк1ыу дут и Iуэхущ1апIэм и унафэщIыр *(зрыызэгурыIуам тету)*

Жамбор В. С. - Къбэрдей-Балькъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Администрацэм и УнафэщIыр

Къаздохъу А. Б. - Къбэрдей-Балькъэр Республикэм мэкъумэш хозяйствэмк1э и министрыр

Къыгъыжьыгъэ А. И. - Хьэрычэтыщ1э лэжьыгъэ мащIэмрэ мэкъумэшым и Iэтащхьэм, дзIыгъыныжьмк1э «Урысейм и щIэгъэкъуэн» Урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и щIыналъэ къудамэм и унафэщIыр *(зрыызэгурыIуам тету)*

Къужокъуэ А. Ж. - мардэ зиIэ эхъуапIныгъэ зыхь «Алика-К» обществэм и унафэщIыр, хьэрычэтыщ1э лэжьыгъэ курытымрэ мащIэмрэ я лэжьакIуэхэм я профессиональнэ союзым и Къбэрдей-Балькъэр республикэ комитетым и унафэщIыр *(зрыызэгурыIуам тету)*

Къулады М. Хь. - «Налшык» хьэлэ завод» акционер обществэ зIуэхум и унафэщIыр, Къбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и депутатыр *(зрыызэгурыIуам тету)*

Къуршэ В. Ч. - «Къбэрдей-Балькъэр Республикэм и Хьэрычэтыщ1э лэжьакIуэхэм я союз» Къбэрдей-Балькъэр республикэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм и президентыр *(зрыызэгурыIуам тету)*

Лыджыдэ Хь. ПП. - Къбэрдей-Балькъэр Республикэм къэрал мылькымрэ щIы зэхущытыкIэхэмк1э и министрыр

Лыжь З. А. - «Россельхозбанк» акционер обществэ зIуэхум и Къбэрдей-Балькъэр щIыналъэ къудамэм и унафэщIыр *(зрыызэгурыIуам тету)*

Малкаров А. А. - Iуащхьэмахуэ муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэр *(зрыызэгурыIуам тету)*

Мусуков А. ТI. - Къбэрдей-Балькъэр Республикэм экономикэмрэ сатумк1э и министрыр

Пархоменко Ю. В. - Прохладнэ къалэ округым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэр *(зрыызэгурыIуам тету)*

Пшашиэ Кь. Хь. - Федеральнэ антимонопольнэ Iэнатlэм Къбэрдей-Балькъэр Республикэм щIэ къудамэм и унафэщIыр *(зрыызэгурыIуам тету)*

Рыжиков А. В. - «Москва индустрие банк» акционер обществэ зIуэхум Налшык къалэм щIэ къудамэм и унафэщIыр *(зрыызэгурыIуам тету)*

Тау П. Кь. - Къбэрдей-Балькъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм и унафэщIыр *(зрыызэгурыIуам тету)*

ЛIуэж А. Б. - «Тэрчалмэз» акционер обществэ зIуэхум и унафэщIыр, Къбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и депутатыр *(зрыызэгурыIуам тету)*

Урысей Хь. Хь. - «Урысейм и Ахьшэ хъуакIэ Iэнатlэ банк» акционер обществэ зIуэхум и Къбэрдей-Балькъэр къудамэ №8631-м и унафэщIыр *(зрыызэгурыIуам тету)*

Уянаевэ А. М. - Къбэрдей-Балькъэр Республикэм и Iэтащхьэм и чэнджэщгъэр *(Советым и секретарыр)*

Хьэгъэс З. А. - Налшык къалэ округым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэр *(зрыызэгурыIуам тету)*

ХьэIунщ1э А. Хь. - Къбэрдей-Балькъэр Республикэм Экономикэ, жылагъуэ щынагъуэншагъэмрэ щIыналъэ къудамэм и Iэтащхьэр и Советым и Секретарым и къудамэм и Iэтащхьэр

Чеченов А. А. - Къбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщIыр *(зрыызэгурыIуам тету)*

Шыбзыхъуэ М. Б. - мардэ зиIэ эхъуапIныгъэ зыхь «Денеб» фирмэм и унафэщIыр, Къбэрдей-Балькъэр Республикэм и Опт Iуэхущ1апIэм я зэгухьэныгъэм и унафэщIыр *(зрыызэгурыIуам тету)*

Эндреев Б. А. - мардэ зиIэ эхъуапIныгъэ зыхь «Налшык» банкым и правлензм и унафэщIыр, Къбэрдей-Балькъэр Республикэм и Банкхэмрэ страховщикхэмрэ я зэгухьэныгъэм и президентыр *(зрыызэгурыIуам тету).*

● Жэрдэм

Районхэмрэ къалэхэмрэ щыIэ псэукIэр иригъэфIэкIуэн папщIэ

Путин Владимир нэхъ япэкIэ кьыгырыгъэдза тхыгъэхэм мы зэманым къэралым кьыгъэщыгъэ къалэнхэмрэ ахэр зыгъэкIыныкIэ Iэмалхэмрэ щIугъэкIыкIыу тхыгъэм, «Демократиемрэ къэралым и фIагъымрэ» фIыщIыгъэцIэр зиIэм, пыуухкIауэ къыщыгъэлъэгъуащ1эу щIэуэ хахьиу Президентымрэ къэралым и Iэтащхьэхэмрэ япэ дыдэу зэлэжьын хуэй Iуэхущ1э. СыздгъеплъыкIэ зэрыхъунымкIэ щэсыпIэ нэсщ гугъуехьхэри ахэр кьыдэнэжьы ным хуэунэтIауэ лэжьын хуейхэри Путин Владимир нехьэкIкъехьэкI хэмылъу икIи зэIуахэу утыку кьыдэрырильхьар.

ХЭХАУЭ сэ си гуапэ хьэщ муниципальнэ властым и зэфIэкIыр кьэлэтыным хуэгъэзагъэ тхыгъэм кьыщыгъэльэгъуахэр. Ахэр куэдкIэ тохуэ дэ мы зэманым республикэм законхэр кьыдэзыгъэкI и органым щедгъэкIуэкI лэжьигъэм. ЩIыналъэхэм тэмэму я щхьэ я унафэ ящIыжьным и къыхьэнэр къэралым и унафэщI нэхъыщхьэхэм нэгъэсауэ къаэзырыгурыIуэм ущымыгуфIыкIыпIэр и1экIым. Путин Владимир и тхыгъэм кьыщегъэльагъуэ Урысейм демократиер щыгъэбыдэнымкIэ, абы дяпэкIи зегъэужьыным кIэ щIыналъэхэм щыIэ унафэщI органхэм я зэфIэкIыр кьэIэтыныр хэзыпIэ нэхъыщхьэу зэрыхуейкIэ.

Тхыгъэм зыгъэхьэзырам кьызэрилытэмкIэ, абы щIыхуэхэм я зэхэщIыкIымрэ жэуапIныгъэмрэ кьыIэтыныр, къэрал кьулыкъухэр зыщIэлъэхъэм унафэр тэмэму зегъэкIуэным зыщIыхуагъэсапъэри апхуэдэ щIыналъэхэрщ.

Путин Владимир кьыщэрилытэмкIэ, щIыналъэхэм щыIэ унафэщI органхэм дэтхэнэ зы щIыхури «Збэмэ яльэIэсу» щытын хуейщ. Муниципалитетхэр щхьэж игу кьызэрихьэм хуэдэу зэгуагъэхьэжуэр емыгупсысауэ ин щыщI къэхун хуейкым. Ахэрщ къэрал политикэр жылагъуэхэм щыпхьэзыгъэкIыну зи кьэIэныр, абы кьыхьэкIыу финанс эзфIэкI ябгъэдэлъу, кьыззэгъэпэщынгъэ, экономикэ, социальнэ Iуэхуэхэр езы жылагъуэхэм щыпсэу щыхухэм я гъашIэр зэрефIэкIуэным хуэунэтIауэ дагъэхьIфу щытын хуейщ. Псэуныгъэ и льэныкъуэкIэ махуэ кьэс кьэуэ кьыпэнхэм япэ1эщын, езыхэм я полномочиехэр нэгъэсауэ дагъэкIыфын папщIэ муниципалитетхэм ахьышм и хэкIыпIэ пыухыкIахэри кьахуэзгъэпэщыпхъэщ. Мыхьэнэшхуэ иIэщ хьэрычэтыщ1э Iуэхущ1апIэ мыинэмрэ курытымрэ я налогхэр щыпIэ унафэр зезыгъэкIуэ органхэм егъэбыдыпIапхъэу статьям кьыззэрихьэм. А налогхэр муниципалитетхэм кьахуэнэрэ щIыналъэхэм я бюджетхэм кьаIэрыхьэу хуежьэмэ, муниципальнэ щIыналъэхэмэ нэхъ псынщIэу зауэкынущ, езы унафэщI органхэри хьэрычэтэ Iуэху мыинымрэ курытымрэ защIэгъэкъуэрыным тригъэгушхуэнущ. «Экономикэ и лъэныкъуэкIэ я Iуэху иджыпсту псом хуэмыдэу, кьалэнщхуэхэмрэ кьалэ курытхэмрэ нэхъ дэгъэкIыпхъэщ, - кьелыпытэ УФ-м и премьер-министрым. - Ахэрщ кьэралым и экономикэ зэфIэкIым и кьежьапIэри щыIу нэхъ жыджэрэр щыпсэурэ. Кьалэхэр экономикэ зыIуэкIыныгъэмрэ гражданм жэрдэмэкIэмрэ я кьежьапIэщ».

Путин Владимир кьыхьэгъщхьэхуI: властымкIэ полномочиехэмрэ финансхэм я гъэхьэзэныр Iэмэпсымэхэр хурахащ.

Иджырей типографие Iэмэпсымэ пIалъэхэмкIэ марэ нэпцIкIэр щагъэхьэзыр цехитI Налшыкрэ Къулъкъужьм Ищхьэрэ къуажэмрэ щыIэхуащIыжащ.

2011 гъэм контрафакт продукцэхэр игъэкIыным екъэIа щIэпхъаджагъэу 98-рэ кьыщIагъэщащ. Аудиодиск мин 82-м щIигу, контрафакт программэхэмкIэ кьызэгъэпэща компьютер 500 къытрахащ. Ахэр кьыщIигъэкIыну хуитыныгъэ зиIэм сом мелуани 8-м щIигъу хэщыныгъэ иратащ (2010 гъэм - сом мелуани 2,5-рэ). Къызэдгъэщынщ, нэгъабэ и щыщхьэIум Налшык къалэ дэт сату Iуэхущ1апIэ нэхъ инхэм ящыщ зым диск нэпцI мин 50-м щIигъу кьыщытрахащ.

2011 гъэм Iэмэпсымэ и пэ кьихуэ иратъкIуэкIа Iуэхугъуэхэм япкъ иткIэ, цIыхум и узынщагъэмрэ и гъашIэмкIэ щынагъуэ зыпылъ пиротехникэ продукцэхэр ящынаIуэ кьыздэпаудащ. Iэфыкъгъэхэр кьыщIигъэкIа пIалъэр щадхъуэж цехыр зэхуащIыжащ, кьыщыбгъэсабэп хуэмыдэ ныр икIауэ Iэфыкъгъэ куэд кьытрахащ.

Нэгъабэ джэгупIи 145-рэ зэхуащIыжащ, зэрыщIэсу автомату 653-рэ, джэгуэр кьызэрызэрагъэпэщ нэгъуэщI Iэмэпсымэу 796-рэ, абы компьютер 776-рэ хэту, щыщIэу стIол 18, рулетки 2 къытрахащ. Налшык дэт Кьэрал концерт гъэльэгъуэлIэм зэман кIыхькIэ щылэжьа «Сан Сити» джэгуплIэр зэхуащIыжащ. Ар кьызэзэыстагъэщIэр уголовнэ жэуапым ирашэлIащ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

● Брифинг

Хэщ1ыныгъэр сом мелардым щIегъу

2011 гъэм фадэжэкI нэпцIхэр щэхуу къыщыщIагъэкI цехэхэр, заводхэр сэтей къэщIыным, абы лицензэ зимыIахэри щыкIыу, Федеральнэ маркэ нэпцIхэр къэтэхыным, щIыхуэхэр хьэщыкъ зыщI, ахъшэ хэхыпIэ джагуп1эхэр гъэкIуэдыжыным ехьэлIа Iуэхугъуэхэр щрагъэкIуэкIым, экономикэ щIэпсъаджагъэу 77-рэ сэтей къащIащ.

КЪЭРАЛ кIуэцI IуэхугъэмкIэ министерствэу КЪБР-м щIэлэм Экономикэ щынагъуэншагъэмрэ коррупцым пэщIэтыным Iэ и къудамэм и унафэщI полицэм и майор Бичэ Аэзмэт апхуэдэ бжыгъэхэр къащIихьащ МВД-м щекIуэкIа брифингым.

Фадэ птулькIэ мелуани 4-рэ мин 800-рэ, этил спирт литр мин 300-м нэблагъэ къытрахащ, Къбэтэ уголовнэ Iуэхугъэм кьыззэрыщIэлъэгъуамкIэ, хэщ1ныгъэр сом зы мелардым щIегъу (2010 гъэм - сом мелуан 24-рэ мин 700-рэ).

Исрэлэмей, Бахьсэнэкъ, Старэ Шэрэдж кьуажэхэм щызэхуащIыжащ фадэ нэпцIкIэр кьыщыщIагъэкI цехэхэр. Цыхуэм и узынщагъэмкIэ щынагъуэ зыпылъ фадэхэкI куэд, федеральнэ маркэ нэпцIу мелуани 4,5-м щIигъу, ахэр зэрагъэхьэзэрыр Iэмэпсымэхэр зэрытрагъашэм кьэкIыркъым кьэралым псом зэкIэлъыкIуэу унафэр зэрыщIэзэрагъэкIуэр кьагъэтIысхьэну икIи властым и Iэнатlэ зэмылIэужьыгъуэхэм полномочиехэр емыгупсысауэ эпхагъэшыну. «Властым и Iэнатlэ зэмылIэужьыгъуэхэм кьэралым полномочиехэр зэрызэпагъэшыр хабзэ гурыIуэгъуэм тетын хуейщ - дэтхэнэ Iэнатlэми лъысыпхъэр абы Урысейм и щIыхуэхэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным, жэрдэмыр кьэIэтыным, зэрыщIыту кьэралым зегъэужьыным и къыбарегъащIэ Iэнатlэхэм щагъэзащIэ мыхьэнэм щытепсэльыхьа зэIущIэ. Абы щыжаIаэр фи лъэныкIэ нобэ тыдодзэ.**

● Фи лъэныкIэ

Тепсэлъыхьыну щIытемыгушхуэр сыт?

ЩIэджыкIакIуэхэм ягу кьэдгъэкIыжьынщи, КЪБР-м и Парламентым нэхъапэIуэкIэ щыкъэхтащ щIыхуэм и зэхэщIыкIым, и зэфIэкIым хэзыхьэным, жылагъуэ гупсысэм зегъэужьыным и Iуэхум хьэбарегъащIэ Iэнатlэхэм щагъэзащIэ мыхьэнэм щытепсэльыхьа зэIущIэ. Абы щыжаIаэр фи лъэныкIэ нобэ тыдодзэ.

РЕСПУБЛИКЭМ щIыхубэ хьэбарегъащIэ IэнатlэхэмкIэ и къэрал комитетым и унафэщI **Къумахуэ Мухьэдин** кьызэригъэльэгъуамкIэ, 2012 къапэщIыт къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ щIыпIэ радиомрэ телевидениемрэ бжыгъэхэм я пщащэм хуэгъэкIуэным, абы папщIэ теленэтынхэм сыхьэт 18 ящхъэкIыным, интернет Iэмалхэр нэгъэсауэ зэтеубгъэным, радио сыхьэт 12-кIэ, иужькIэ 24-кIэ лажьэу зэтеуухуэным. КьызэрыхигъэщамкIэ, я Iуэхур и кIэм нагъэсащ.

«Заман» газетым и редактор нэхъыщхьэ **Аттаев Жэмал** кьызэхуэсахэм ягу кьиржькIыжащ жылагъуэхэм ирикIуэн папщIэ, республикэ газетхэм я лэжьакIуэхэм зы транспорт нэхъ мыхъуми яхуэхьэн зэрыхуейм куэд щIауэ и гугъу ящIми, яджыри кьызэдэхуэ ящIыжу, Зэкъо радиомрэ телевидениемрэ я компанием» кьудамэм и унафэщI **Кьэзанш Людмилэ** мыхьэнэ хэха ириту кьытеувыIащ властыр хьыбарегъащIэ Iэнатlэхэм нэхъ зэIуахуэ зэрыхущытыпхъэм.

- Унагъуэм кьыщIагъэсэфэп псым и зэранкIэ щIыхуэр сымаджэ щIэхъуэм и щхьэусыгъуэр зэрызэхагъэкIам маху хъэс дытепсэльыхьми, жэуап пыухыкIа лъыхъуэу телевизореплхъэр зэпымыууэ кьопсалъэ, ауэ ар кьызыпытхын кьулыкъущIэ гуэри республикэм щыдгъэутыркъым. Абы ди компанием и пщIэр егъэпльэхьшэ, - кьыхихугъащагъ щыпIэ ГТРК-м и унафэщIым.

Абы кьигъэльэгъуащ кьулыкъущIэхэм зыщыкъуагъэша зэманри, я унэцIэри, зыщIыкъуагъэша Iуэхури корреспондентэм хэхауэ зэратхэр, властым и лэжьыгъэр зыхуэгъэр зэхущIыту ящIын папщIэ, къэралI Iэнатlэхэм къэралI зэгурыIуэныгъэ къращIыпIэн зэрыхуейр, адрей щIыналъэ псори а Iэмалым зэрыхуэкIуар.

Парламентым и Унафэщым и яп кьудэзэ **Жаным Руслан** Къэзанш Людмилэ жиIаэр диблагъэ:

- Къэбэрдей-Балькъэрым и тхыдэм и кIуэцIкIэ нобэ хуэдэу нахуагъэр зэи щытепщэу щытакъым. Дэ зэIуахуэ дызэрыпсалъэхэм дыхущIэкъуу зэпытщ, властым щIиуфэн кьуэлъкъым. Сыт хуэдэ щэху дэ диIэнкIэ хъунр? - тригъэчыпхъащ Парламентым и Iэтащхьэм и яп. Абы ГТРК-м и унафэщIым зыхуигъэзащ КЪБР-м и хабзэгъуэр оргланым щыщу корреспондентхэм я упщIэхэм пыуIыкIуэт щыIэмэ хэIущIыпу и ищIынэ.

«Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ **ХьэфIыщIэ Мухьэмэд** щхьэхуэу къытеувыIащ республикэ газетхэм я бжыгъэм щыкIэрыхуэ щхьэусыгъуэм.

- Лъэпкъ газетхэм я мыхьэнэр ягъэлъэхъэжьн папщIэ, Пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ федеральнэ Iуэхущ1апIэм и щIыналъэ къудамэм и унафэщIу щытахэм ялъэкI къагъэнакъым. Зеикъуэ къуажэм пощтэхьэу 7 яIащ, нобэ зэрыхъужьыр тIу къудейщ. Щыкъ1, лъакъуэрыгъажэкIэ е автомашинэкIэ зыщIамыгъакъуэмэ, километр 14 зи кIыхьагъ къуажэр махуэ кьэс зэрызэщIагъэхьэнэр дауэ? Пощтыр тхьэмахуэ зэхуакуу гъэ кьэрахьэкIыу аращ, щыкуэмыхьыххэр нэхъыбэщ. Iуэхур зыхуэкIуам игъэпIейтейхэм я газетхэр езыхэм кьыIаэхьи. ИтIани ди щIыхуэм Iэ щIытрамыдзэр догъэущIагъэу. Иужьрей илъэсиплIым кьриубыдэу мин 12-м щIигъэжьауэ мини 5-м нэблагъэ абыхэм я бжыгъэм кIарыхуащ. Пощтэхьэм и мазэ упахуэр сом мини 3,5-4-м фIэкIыкрыхьэм. Хэт апхуэдэ ахъшэкIэ пхуэлэжьнур? - кьыхигъэщащ редактор нэхъыщхьэм.

Абы Парламентымрэ Правительствэмрэ захуигъэзащ пощтыр зэрызэбграгъэх щыкIэм нэгъуэщI Iэмал кьыхуагупсысыну.

Властым и кьудамэхэм зэрыдзлажь щыкIэм и гугъу щищIым, ХьэфIыщIэ Мухьэмэд кьигъэльэгъуащ «Адыгэ псалъэ» газетым езыр зэрыщIалажь илъэс 14-м кьриубыдэу республикэм и унафэщIхэм ящыщ гуэри я критикэ тхыгъэхэм кьызэрыпэмыджэжар.

- Я щхьэм тралъхьэрыкъым, «фэ фыкъэ?» жыхуаIащ. Ауэ ягу кьэзгъэшIыжыну сыхуейт зи гугъ сщIыр Парламентымрэ Правительствэмрэ зэрагъэзэгър. Ди тхыгъэхэм ягъэдэ гулъытэ фIэкIа щыхуамащIкIэ, Къбэрдей-Балъкъэрым и щIыхуэхэм, Парламентми, Правительствэми нэхъыфIу яхущIытыкъым. Хьэхунмэ, бжыгъилплIкIэ лажьэ правительствэ телефонымр абыхэм ядгъэтхрыжь. Министрэхэм «зыкъыдагъэуIуфыдрыкъым». Индивидуальнэ бжыгъэ си унэцIэр щытридзэмэ, «къэзэлъэпIуну аращ, щрегугъ абы» жеIэри, къиштэркъым. Псом хэумыдзжу, финансхэмкIэ, узынщагъэр зыумэнымкIэ министрэхэм ирагъэлIей. Сэ кьызэрыслъытэмкIэ, республикэм и унафэщIхэм ящыщэмыщIа, адрейхэм апхуэдэ телефон щIалэн щыIэкъым. Ксепсалъэм и унэцIэр сысейм кьытридзэркъым, итIани си гуапэу кьызощтэ. ПщIэну щыткъым, Президентыр кьыпхуеинкIэ мэхъу, - кьыхигъэбгдежьыныкIэщ ХьэфIыщIэ Мухьэмэд.

Редактор нэхъыщхьэм кьызэрыхигъэщамкIэ, редакцэм и техникэ лэжьакIуэхэм я улахуэр сом мини 4-5-м фIэкIырыкъым.

- Ар фэсыкъэ Iусщ. Улахуэмрэ гонорарымрэ хагъэхъуэн хуейщ. Ди гонорарыр мыхьэнэншэщ. Творческэ лэжьакIуэм и улахуэмрэ и гонорарымрэ зэхэту сом мини 8-м нысэрыкIысэсырькъым. Абы нобэ уздынихьэсынум псори фIыуэ фыщыгъуазэщ, - кьыпишащ адэкIэ ХьэфIыщIэ Мухьэмэд.

Редактор нэхъыщхьэм Президентыр, Парламентыр, Правительствэр кьыхуриджащ газетхэм я редакцэхэм нэхъыбэрэ яхуеблагъэну.

- Республикэм и гъащIэм, журналистхэм я лэжьыгъэм техуауэ Iэшащ1эгъуэн куэд редакцэхэм кьыщыфIэнущ. Хьэжыкъарэ Алик ди дежь зэрыщылажьэрэ илъэсэ 6 мэхъу, абы и пэкIэ илъэс 25-кIэ радиом щыIащ, ДОСААФ-м и общежитием щопсэу. А организацэм и унафэщI Iэщым Юрэ жыхуаIэм Iэшащ1эгъуэн ящыщ. Ар ящыщ1ыпэмкIэ, республикэм и унафэщIхэм ящIащ1ауэ, абы щIэс унагъуэхэр бэлыхьым хигъэтщ, ди лэжьакIуэри, адрейхэри кьыщIидзыну мэнькъуакъуэ. Езым и зэранкIэ я Iуэхущ1апIэм кьытехуэ щIыхуэхэр общежитым щыпсэухэм я хьэжькIэ зытригъэкIыжьын мурад иIэу, илъэсиплI хьэрэуэ щIыхуэхэм псэкIугъуэ яритркъым. Iэщ1ыным зэхущIыхьхэм техуауэ зызыхуэзмыгъэзэ кьэнжакъым. Правительствэмрэ Парламентымрэ общежитым щIэсхэм, лей зытехьэхэм щIадэмыIэпыкIуэ гурыIуэгъуэм, - кьыхигъэщащ абы.

ХьэфIыщIэ Мухьэмэд ириплейтейуэ кьытеувыIащ Iэщ1агъэлIэхэр гъэхьэзырыным хуэфащэ гулъытэ зэримыгъэзэн, КЪБКЪУ-м урыс-адыгэ, урыс-балъкъэр кьудамэхэр кьыщ1эIуэкIыжьын зэрыхуейм.

- Ущ1ри-уси хэмыту ахэр адыгэ, балъкъэр кьудамэу зэрахъуэжащ, щIэтIысхьэн зегъэтыркъым. Кьахуэщтар щIыхуэ зыбжанэщ. Кьаухми, лэжьапIэ ягъуэтынукъым. Нэхъапэм абыхэм урысыбзэр ирагъэджну хуитт.

ЗэIущIам хэтхэм властым и Iуэхущ1апIэхэм чэнджэщ ираташ кьащIэ унафэхэм зыщIэдзри щIыхуэр и хагъэгъуэзэну, абы и лъэныкъуэкIэ хьыбарегъащIэ Iэнатlэ псоми зэхуэдэ Iэмал кьыхуэзэрагъэпэщыну.

КЪУДЭБЕРДЫКЪУЭ Iэмин.

● Брифинг

Хэщ1ыныгъэр сом мелардым щIегъу

2011 гъэм фадэжэкI нэпцIхэр щэхуу къыщыщIагъэкI цехэхэр, заводхэр сэтей къэщIыным, абы лицензэ зимыIахэри щыкIыу, Федеральнэ маркэ нэпцIхэр къэтэхыным, щIыхуэхэр хьэщыкъ зыщI, ахъшэ хэхыпIэ джагуп1эхэр гъэкIуэдыжыным ехьэлIа Iуэхугъуэхэр щрагъэкIуэкIым, экономикэ щIэпсъаджагъэу 77-рэ сэтей къащIащ.

КЪЭРАЛ кIуэцI IуэхугъэмкIэ министерствэу КЪБР-м щIэлэм Экономикэ щынагъуэншагъэмрэ коррупцым пэщIэтыным Iэ и къудамэм и унафэщI полицэм и майор Бичэ Аэзмэт апхуэдэ бжыгъэхэр къащIихьащ МВД-м щекIуэкIа брифингым.

Фадэ птулькIэ мелуани 4-рэ мин 800-рэ, этил спирт литр мин 300-м нэблагъэ къытрахащ, Къбэтэ уголовнэ Iуэхугъэм кьыззэрыщIэлъэгъуамкIэ, хэщ1ныгъэр сом зы мелардым щIегъу (2010 гъэм - сом мелуан 24-рэ мин 700-рэ).

Исрэлэмей, Бахьсэнэкъ, Старэ Шэрэдж кьуажэхэм щызэхуащIыжащ фадэ нэпцIкIэр кьыщыщIагъэкI цехэхэр. Цыхуэм и узынщагъэмкIэ щынагъуэ зыпылъ фадэхэкI куэд, федеральнэ маркэ нэпцIу мелуани 4,5-м щIигъу, ахэр зэрагъэхьэзэрыр Iэмэпсымэхэр зэрытрагъашэм кьэкIыркъым кьэралI псом зэкIэлъыкIуэу унафэр зэрыщIэзэрагъэкIуэр кьагъэтIысхьэну икIи властым и Iэнатlэ зэмылIэужьыгъуэхэм полномочиехэр емыгупсысауэ эпхагъэшыну. «Властым и Iэнатlэ зэмылIэужьыгъуэхэм кьэралI полномочиехэр зэрызэпагъэшыр хабзэ гурыIуэгъуэм тетын хуейщ - дэтхэнэ Iэнатlэми лъысыпхъэр абы Урысейм и щIыхуэхэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным, жэрдэмыр кьэIэтыным, зэрыщIыту кьэралым зегъэужьыным и къыбарегъащIэ Iэнатlэхэм щагъэзащIэ мыхьэнэм щытепсэльыхьа зэIущIэ. Абы щыжаIаэр фи унафэ гуэр зэрымыIэр.

ВГТРК-м и «Къэбэрдей-Балъкъэр» телевидиокомпание» кьудамэм и унафэщI **Кьэзанш Людмилэ** мыхьэнэ хэха ириту кьытеувыIащ властыр хьыбарегъащIэ Iэнатlэхэм нэхъ зэIуахуэ зэрыхущытыпхъэм.

- Унагъуэм кьыщIагъэсэфэп псым и зэранкIэ щIыхуэр сымаджэ щIэхъуэм и щхьэусыгъуэр зэрызэхагъэкIам маху хъэс дытепсэльыхьми, жэуап пыухыкI

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

ИгъащІэкІэ

• Тезыр

Къэрал Думэм Щынагъуэщагъэмрэ корупцэм пэщІэтыныкІэ и комитетым и унафэщІ Яровая Иринэ тепсэльыхьащ Новосибирск афиянхэр хунту щащэ зэрыщыхьуам теухуауэ СМИ-хэм кьытехуа хьыбархэм. Абы жиІащ наркотикхэр куэд дыдэу изыгъэкІхэм игъащІэкІэ лъэхъуэщ ныбжьыкІэ тезыр тралъхьыр ящыгъэлъэгъуа хабзэм и проектыр хабзэгъэув ІэнатІэм кьыгъэщыкьлъхьынр.

АБЫ кьыхигъэщащ наркотикхэм Новосибирск зэрызэщІауБыдар.

- Наркотикхэм ехьэлІа кьалэныр Іыхьыщ зэпыудын хуейуэ кьызолъытэ, - жиІащ депутатым. - Япэрауэ, ар зытещІыхьын хуейр Урысейм а щхьэхъэжьэ кьызэрашэрщ. ЕтІуанэрауэ, абыхэм Урысейм и щІыхьэр зэрыдгарэхьырщ. Ещанэрауэ, а щхьэхьыр зэзыхьхьІэр а мыгъуагъэм сыт и лъэныкъуэкІи кьыпигъэкІыныр.

Къэрал Думэм и комитетым и унафэщІым кьыгъэрилъыгъэмкІэ, наркотикхэр куэду зыщІэхэм яхуэгъэльхьэнымрэ псэухукІэ лъэхъэщым исыну я суд эращІэнур. УК-м и 228.1-м ипкъ итк1э, мы зэманым наркотикхэр хабзэншагъэкІэ куэд дыдэу изыгъэкІхэм тезыру тралъхьар ильэси 8-м кьыщыщІэдзауэ 20-м нэс тутнакьынырщ.

Яровая и псалъэхэм ятепщІыхьмэ, ар зи унафэщІ комитетыр мы Іухучмкі э быдэу дэлэжьэнущ УФ-м Наркотикхэр хабзэншагъэкІэ щызезыгьаКІуэ ягупщІэныкьмкІэ и къэрал комитетым. Ар нэхъыбэу егъащІыкІауэ щытыныщ Новосибирск щызэфІэува щытыкІэм хуэдэ кьэмыкъуным теухуа жэрдэмхэр пхыгъэкІыным. «Хабзэр иджыпсту пэщІэувэн хуейщ щхьухьхэр зыщхэхэр зыхуэхІуэ сыт хуэдэ Іэмалхэмэ, - кьыхигъэщхьэхуКІащ Яровая. - Наркополицэм и унафэщІхэр ди гъусэу, дэ зэман гъунэгъум дедэІуэнущ а Іуэхум икІи жэрдэмхэр кьыхэтлъхьэнущ.

Фигу къэдгъэкІыжьыщи, Иванов Виктор и Іуэхущ Іапіэр арэзыщ депутат гупым наркобаронхэр игъащІэкІэ лъэхъэщым игъэсыным теухуа хабзэ ягъэувану кьыхалъхьэну зэрамрадымкІэ. ИщІагъ палатэм щІэлъщ наркобаронхэм зэрыпэщІэтыр ягъэлъэщыныр щыубзыхуа проектым. Абы ищхьу кьыхалъхьа Іуэхур хэбгъэхьэныр гугъу хъунукъым.

Иджыблагъэ Урысейм Узынщагъэр хуэмэныр социальэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэм жиІащ урысейхэр узынщэу псэуным хуэгъэсэным и Іуэхум мы гъэм сом мелуан 820-р зэрыхуахар. Сом мелуан 520-р тралъхьэІуэдэнущ щІыналъэ 22-м наркологхэм я Іуэхущ Іапіэ яІэ хъуным.

ЗэщІагъэлІхэм кьыщыгъэмкІэ, абы Іэмал кьаритынущ наркотикхэр Іэщ Іыбэ зыщІ щІыхьхэр процентыр 5-кІэ нэхъыбэ хъуну. Зи гугъу тщІа министерствэм апхуэдэу и мурадщ псэукІэ узынщэм и хабзэхэм кІуэ пэтми щІыхь нэхъыбэ иришэлІэну. Псом хуэмыдэу сабийхэмрэ балигъ ныкъуэхьухэмрэ. Наркополицэм кьитахэм ятепщІыхьмэ, Урысейм наркотикхэр псори зэхэту щызэрахьлІэ щІыхь мин 600-м. Дохутырхэмрэ Іуэхущ Іапіэ щІэуфахэмрэ кьалтыгъэ зи ныбжьыр ильэс 18-м кьыщыщІэдзауэ 39-м нэс щІыхь мелуани 2,6 - 6-м апхуэдэ щхьухъ зэмылІэужьыгъэмкІэ «зытрагъэуу». Ар хуэдизкІэ нэхъыбэщ Евросоюзым и къэралхэм щызэкІуэ бжьыгъэм ебгъапщэну.

БОГДАНОВ Владимир.
«Российская газета».

• Іуэтхъэ

Щ1ым иросондэжэр

